

15. DONGENG PAMAN.

Roesdi, Misnëm djeung pamanna, sanggeus daladahanan sore, gek darioek di tépas hareup.

„Koemaha dongeng boehaja teh, 'uang?'
tjeuk Roesdi, „tjing mangga geura tjaroskeun,
koering kajang lérang!”

„Euh, kieu geura!” tjeuk pamanna, „pek
darengkeun!”

Roesdi djeung Misnëm beuki dareukeni bac
darioekna ka pamanna, malah Misnëm mal
népi ka meuta dilahoen.

„Taoen toekang émang njaba ka pakidoeulan
tanah Priangan, waktos rjar barang dagangan.
Dina hidji poé népi ka sisi waloengan noc rea
boehajana. Sawaréh ngadarakom marojan énta
kensik. Sawaréh aja noc tentenleuman, ngan
tombong goébar-géboer tjaina bae. Harita émang
teu wani deukeut ka sisi tjal, da sieun koc
sakaéang-sakadang sakitoe galédéna, népi ka
rek nintjak sasak nge teu/da wani, sieun
dibeug.

Kene waktos émang leumpang, lapat-lapat

beulah girang aja awewe ngelek boboko ka sisi tjai. Koe é mang teu digeureuh-geureuh, da mana kitoe oge biasana, teu sieunenn koe bochaja. Eta awewe tea gog nagog dina batoe bari ngisikan. Sihoreng gigireun batoe eta teh aja bochaja gède pisan, keur galasar goeloesoer mojan. Koe eta awewe tea roepa-roepana teu kanyahoan.



Noe ngisikan tea ongkoh-ongkoh hae. Bochaja tea ti toekangeunana ngadodoko nêwak soekoena. Barang gèp diggel, awewe teh gègèroan menta toeloeng. Kahénèran aja boedak noe njahocun, toeloeng manehna loempat bebedja ka kolot di lèmbouer eta. Djéléma² ti lèmbouer ngabroel sapa karangua, rek nocloengan eta awewe tea. Tapi

daratongna élat tening, awewe teh geus teu aja,
digoesoer boehaja ka djéru leuwi, ngan kari
keasna bae, awoer-awoeran loehoereun batoe.

Djé'ma noe rek naraoeloengan, roepa-roepana
geus teu sienneun deni koe boehaja teh, broes
bae taloetocrochoeu kana leuwi, kék tareuleun
naranganu awewe tea. Tapi wéhék hémén ka-
panggih, taksiran geus, digoesoer ka leuwi sedjen.
Boehajana noe aja dina eta leuwi kawasna ngan
hidji-hidjina, da baektina teu tembung deni noe
sedjen."

„Koemaha ari é'mang miloe mantocau nee-
ngan?" tjeuk Roesdi.

„Atoeh poegoek bae!" tembal pamanna.
„Sieun? oge ngawajahnakeun maneh bae, da
kolot hoedak oerang dina geuning tjrah-tjroek
alantjroek ka leuwi.

Djé'ma² kabéh geus barandjat ti waloeangan,
toeloej baraitik, malah sawareh mah aja noe
tjeurik aloek-aloeukan: taksiran baraja-barajana
djeung anak-anakna."

„Lah! matak karoenja, nja 'mang?" tjeuk
Misnëm, bari baragadag-birigidig ngomongan.

„Hadena bae di lémboer oerang mah euwéh

sato kitoe, uja 'mang!' omong Roesdi. „Meureun
oeing moal wani oelia djaoch, da sieun dihakan
boehaja.”

16. BOEHAJA.

„Mang!” tjek Roesdi, „siga naon ari boehaja
teh, tjara goerame tjetjepetan?”

„Hib, lain!” djawab pamanna, „ieu mah
boentoelna pandjang djeang reregean. Ari roe-
pana siga bajawak, tapi gēde.”

„Bajawak?” tjek Roesdi, „noe sok ngaha-
kanaan laek tea di balong oerang?”

„Ĕnja!” djawab pamanna, „malah lamoen
gēde mah meh tjēptes, teu kapiljeun sasieur-
sieur atjan.

Ari tjljingga biosana ngaboehoehan di moeara²
waloengan, sabab di diuja sok loba kahakanan
noe kabawa palid. Kakapeungan maranchanana
oenggeh oge ka darat, ngadon mojan atawa
ngēndog. Ari ngēndogna teu noengtoet hidji³
saperti hafam, ieu mah disakalikeun bae dina
logak, reana doea poeloeh nēpi ka saratoes siki.”

„Ngeunah ari endog boehaja, 'mang?'” tjek Roesdi.

„Ah, teu njaho,” djawab pamanna, „da taljan ngasaan. Tjeuk noe beukienn mah, meureun ngeunah.”

„Naha eta boehaja teh tara eungupeun, salawasna tjtjing di djero tjai haeg, 'mang?’” omong Misbëm, „ongkoh lain laöek eta mah.”

„Henteu, da geus toeman,” djawab pamanna, „Djeung deui oepama manehna teuleum, iroeugra djeung tjeulina dipépétan koe lamad, soepaja oetah kaasoeapan tjai. Oepama njeunghap, kakara eta lamad teh diboeka deui.”

„'Mang!’” tjek Roesdi, „naon sababna djéléma sok aja noe diséboet boehaja?”

„Ech, eta djalma noe kitoe kalekocomanana tjara boehaja tea, aja eta djalma djahat. Geuning boehaja sakitoe ngaröksakna ka djéléma.”

„Koemaha, 'mang, koolit boehaja teh leueur tjara béloet?’” tjek Roesdi.

„Hih, henteu! Ien mah karadak sarta kandél.”

„Na énja ijinat boehaja sok dipake djimat, 'mang?’” tjek Roesdi.

„Eih, oelahi pörtjaja!” djawab pamanna,

„eta mah kaomongan djalma bac, da saénjana mah bénteu. Geura é mang rek njaritakeun lalampahan hidji boedak, ngaranna Sardjan.

Manebna sakolana geus doea tahoeu, tapi kakara kelas hidji, sabab ngédoel, tara daek ngapalkeun. Koe hal eta koe Goeroe-Goeroena sok rémén discuseul, malah sakapeung mah disétrap.

Eta boedak geus ngadenge hedja, jen bapana boga djimat, tji mata boehaja, kasiatna matak diasih koe sagala djéléma.


Isoek², waktoc bapana ka ijal djeung indoengna keur ngisikan, karajap manebna ka énggon bapana, hari tjoengas-tjingeus, rek njokot djimat.

Sanggeus kapanggih, djoet toeroen ti imah, los ka iskola sarta ngomong di djero atina:
„Ah, sageuj, djocragan teh teu asihon ajeuna mah ka aing.”

Saéntasna dilongtrongan, boes asoep ka iskola sarta gek dioek dina bangkoe tempatna. Leungeunna teu reureuh² roempoc-rampoc kana sakocna, da sieun djimatna leungit.

„Sardjan!” tjek Goeroena, „koemaha rarabau teh, apal?”

Sardjan ngabéhém huc, teu leuek teu njarek,
da gens roemasa teu ngapalkeun.



Goeroena bëndoe, sarta Sardjan waktos bé-
rénti teu meunang bidjil. Maneana ngomong di
djero atina: „Behus mah djimat teh euweuh
gawena da ditjarekan mah teu boeroeng.”

Ti waktos harita kakara eta hoedak teh géjol
sarta teu mangkoek saminggoe katjida naktér
dipikanyaatna koc Goeroena.”

17. BOEDAK RAGRAG.

Batoer oelin Roesdi noe galède ngaranna si Djahir djeung si Kadir. Dina hidji poë eta doa boedak njalampeur oelin ka Roesdi, ngadjak ngala sajang likoekoer dina tangkal tangkil. Roesdi atohéun nakër, da „ëngke rek dihere anakna,” Ueuk si Kadir.

Barang népi ka handapeun tangkal noe aja sajang manoekean tea, si Kadir terekel naek. Roesdi djeung Djahir ngadaragoan handapeunana. Kadir ngarangsod naek kana deukeut poetjeekna pisan, da eta sajang tea ajana di poentjak. Baroedak noe doa, noe aja di handap, arong-köh-ongkoh bac aroelin bari ngadaragoan anak manoeke.

Geus sadjongdjongau lilana, kadenge koe Roesdi, di loehoer aja noe ngadorokdok. Barang ditanggahan, dahan noe diliatjak koe si Kadir tea peunggas

Si Kadir teu kaböeroc moentang, kôleang ragrag, gëdëboet ninggang batoe. Lila pisan si Kadir ngoedoepeong, teu oesik teu malik, ngan



kadenge sorana bac gegëroengan, Rocsi djeung Djahir gegëroan, menta toeloeng. Teu lila broel baroedak" noe sedjeu daratang. Aja noe ngabandjoer, aja noe ngaroengkoepan koe dangdaoenan, bari galëgëroan: „Tjareuh! tjareuh! tjareuh!”

Sanggeus hantëm ditaroeloengan koe batoerna, koeisik-koeisik Kadir oesik, tapi adoeh-adoehan keneh hae bari gegëroan, teu bisaeva nangloeng-nangloeng a'jan. Koe baroedak batoer-batoerna digaratong dilawa ka imahna.

Barang katudjo koe indocng bapana, katjida pisan maranehanana karageteunana, bari nanja

naon sabab-sababna pang ragrag. Koe si Roesdi djeung koe si Djahir dibedjakeun ti mirutirna népi ka ragragna. Si Kadir koe indoengna diba-loeran koe beas djeung tjikoer, bari ditjeung-tjenrikan.

Sanggeus katendjo Kadir rada tjageur, Roesdi djeung Djahir bebedja, rek baralik.

Datang-datang ka imabna, Roesdi tjarita ka bapana, jen si Kadir ragrag, sarta koe manehna ditjaritakeun asal-asalna, saperti njarita ka bapa Kadir tea.

„Tah kitoe, Oedjang, toengtoengna boedak sok tataekan teh,” tjeuk bapa Roesdi. „Noe matak peupudjeuh, sia mah oelah sok nalak-tak, bisi tjilaka kawas si Kadir. Manoe kana teu beunang, batina potong soekoe atawa polong leungeun.”

18. TJAAH.

Oenggal-oenggal taen tangtue oerang manggih waktue ngidjih.

Lämboer-lämboer noe sisi waloengan, lamoen

ngidjina lila, sok radjeun katjaakau. Lamoen
tjaahua gède, tjaina sok radjeun limpas ka darat.

Ari lémboer Roesdi pérnalma di sisi waloengan

Dina hidji poé, basa hoedjan gède, kabeh
waloengan-waloengan, soesoekan-soesoekan tja-
raah. Sawah-sawah, halong-halong kakeueum,
malah rea pisan susak-sasak noe paralid.

Tjaina waloengaur wani leber, rea naktér
tatangkalan noe gaidé paralid kabawa tjaah
lataep curih wani meh mëndét dina waloengan.
kawas-kawasna aja imah atawa saeeng kabawa
palid. Toekangeun eta ngaboegigag bangke émbe
djeung bangke moending; ari bangke rajam
mah teu kabilang deui, lina bawaning koe rea.

Tjaahua teu lila orot, tutangkaiu njarungsang
sisi waloengan. Kolot-kolot pahibot ngaradekar
rangrang keur soeloeh. Sawarah lingkatéljéboer
nararikan kai ti téngah-téngah tjai, da noe di
darat mah beakeun koe batoer.

Roesdi djeung batoer-batoerna oge aja di
dinja. Tapi ngan narendjokeun ti kadjaeohan
bae, da sarienneun kabawa palid. Ti soesoekau
lentik maranehanana imanggih luoek; laksirék
bae anoe kalimpaskeun koe tjaah tea.

Barang geus beak alacunanana, ngabroel baralik ti tjai, ngalént marawa beubeunanganana. Sapanjang djalan rame noe saleuseurian saloesoerakan tina rea bahawaanana.



• Eta djéléma ngaromong kieu: „Lah, hajang teh oenggal poé tjaah kawas tadi, ambeh teu soesah koe laek djeung teu soesah koe soeloh.”

• Teibal batoerna noe sedjen: „Ih! oentocng soteh oerang, da ari batoer mah roegi katjaahan. Kébonne djeung pépélakanana léboer, imahna djeung paparabotanana roeksak, malah saka-penng mah aja oge djalma paeh kabawa palid.”